# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–16 जुलाई 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के अध्यक्षता में भइल केन्द्रीय मंत्रिमण्डल के बइठकी में आजु कई गो महत्वपूर्ण फैसिला लिहल गइल। बइठकी के बाद सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव मीडिया से बतियावत कैबिनेट में भइल फैसिलन क जनकारी दिहलें। एगो रिपोर्ट–

***केंद्रीय मंत्रिमंडल ने कृषि उत्पादकता बढ़ाने के लिए आज हुई बैठक में प्रधानमंत्री धन–धान्य कृषि योजना को मंजूरी दे दी। इस योजना का उद्देश्य फसल विविधीकरण और टिकाऊ कृषि पद्धतियों को बढ़ावा देना, कटाई के बाद भंडारण क्षमता बढ़ाना, सिंचाई सुविधाओं में सुधार और ऋण की उपलब्धता को सुगम बनाना है। सूचना एवं प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव ने बताया कि इस योजना के तहत देश भर में सौ जिलों की पहचान की जाएगी, जो तीन प्रमुख संकेतांकों – कम उत्पादकता, कम फसल सघनता और कम ऋण वितरण – पर आधारित होंगे। इस योजना को ग्यारह विभागों की 36 मौजूदा योजनाओं और अन्य राज्य योजनाओं के सम्मिलन के माध्यम से लागू किया जाएगा। श्री वैष्णव ने कहा कि इस योजना से देश के एक करोड़ 70 लाख किसानों को मदद मिलेगी। समाचार कक्ष से मैं अरुण।***

केंद्रीय मंत्रिमंडल भारतीय अंतरिक्ष यात्री शुभांशु शुक्ला के अंतरिक्ष यात्रा क सराहना करत एगो प्रस्तावो पारित कइलस।

**********

संसद क मॉनसूत्र सत्र से पहिले केन्द्र सरकार अत्तवार के सर्वदलीय बइठकी बोलवले हवे। बइठकी में सरकार दुन्नो सदन के सुचारू तौर से चलावे बदे सज्जो राजनीतिक दलन से सहजोग क आवाहन करी। मॉनसून सत्र एक्कइस जुलाई से एक्कइस अगस्त ले चली।

**********

प्रदेस में अब बिसिस्ट वन क स्थापना होई। एके ले के अलगि–अलगि प्रभागन के राज्य स्तर पर मुख्य आयोजन कइ के वन स्थापित कइले क जिम्मेदारी सउंपल गइल हौ। अठारह जुलाई के पीलीभीत से एकलव्य वन क स्थापना के सथहीं बिसिस्ट वन के श्रृंखला क सुरूआति होई। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ राज्य स्तरीय सज्जो आयोजन के उत्सव के रूप में मनवले क निर्देश दिहले हवें। प्रदेस क प्रधान मुख्य वन संरक्षक सुनील चौधरी बतवलें कि **एक पेड़ मां के नाम** अभियान के दुसरका फेरा में ई आयोजन उत्सव के तौर पर मनावल जाई। राज्य स्तरीय कार्यक्रम क नोडल अधिकारी सम्बन्धित क्षेत्रन क जोनल चाहे मण्डलीय मुख्य संरक्षक होइहें।

**********

विधानसभा अउर लोकसभा के निर्वाचन के ओटर लिस्टि के त्रुटिरहित बनावे बदे मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा आजु लखनऊ में प्रदेस के ओन्तीस जिलन क जिला निर्वाचन अधिकारी के ट्रेनिंग दीहलें । येह दौरान उहां के भारत निर्वाचन आयोग क कार्यक्रम आ दिसा–निरदेसन से अवगत करवले के सथहीं ओटर लिस्टि अपडेट कइले, अउर निर्वाचन से जुड़ल कानूनन क जनकारी दिहलें। श्री रिणवां हर मतदान वाली जगहि पर ढेरि से ढेरि बारह सौ मतदाता लोगिन क संख्या सुनिस्चित कइले अउर परिवार के सदस्यन क नांव एक्के पोलिंग बूथ के ओटर लिस्टि में दरज करवले क निरदेस दिहलें। ट्रेनिंग के दौरान जिला निर्वाचन अधिकारियन के बीएलओ अउर ओटर हेल्पलाइन ऐपो क जनकारी दीहल गइल।

**********

बनारस जिला के रूद्राक्ष कन्वेंसन सेंटर में अठारह जुलाई से सुरू हो रहल आध्यात्मिक समिट **नशा मुक्त युवा फॉर विकसित भारत** क तइयारी तेज हो गइल हौ। ई समिट बीस जुलाई ले आयोजित होई। केन्द्रीय युवा मामिलन अउर खेल राज्य मंत्री रक्षा निखिल खडसे आजु सेंटर क भ्रमण कइ के तइयारियन क जायजा लिहलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि विकसित भारत के संकल्प बदे नौजवानन क नसा छोड़ावल जरूरी हौ। येही उद्देस्य से ई इतिहासिक कार्यक्रम  होखे जा रहल बा, जेहमें देस भर से नौजवान हिस्सा लीहें। एहमें कई गो मंत्रालयन क सहजोग के साथे–साथे धारमिक संगठन के प्रतिनिधि लोगि के बोलावल जा रहल हौ।

**********

केंद्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड–सीबीएसई विद्यार्थियन में स्वस्थ जीवन सैली के बढ़ावा देवे बदे स्कूलन में तेल बोर्ड बनावे के कहले हौ। सीबीएसई येह बारे में सज्जो स्कूल प्रमुखन के चिट्ठी लिखले हौ। एगो रिपोर्ट–

***सीबीएसई ने पौष्टिक और स्वास्थ्य वर्धक भोजन विकल्पों की उपलब्धता और गतिविधि उपायों के माध्यम से स्कूलों में स्वस्थ भोजन और शारीरिक गतिविधियों को बढ़ावा देने को कहा है। बोर्ड ने विद्यार्थियों को सीढ़ियों का उपयोग करने, छोटे व्यायाम अवकाश आयोजित करने और पैदल चलने के मार्गों को सुगम बनाने के लिए भी कहा है। दीपेन्द्र की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से वैष्णवी।***

**********

भगवान बुद्ध क महापरिनिर्वाण स्थली कुशीनगर में असाढ़ के पुन्नमासी से सुरू हो के कुआर के पुन्नमासी ले तीनि महिन्ना बदे चले वाला वर्षाभास सुरू हो गइल बा। बौद्ध धरम में वर्षाभासा क बहुते महातम हौ। एहमें थाईलैण्ड क कई गो मोनास्ट्री से बौद्ध भिक्षु कुशीनगर में रहि के तीनि महिन्ना ले आध्यात्मिक चिंतन–मनन करिहें।

**********